

Prezantasyon

Tizanmi 2è ane yo eske nou konnen nonm yo soti 100 rive 999



Objektif leson an

Jodi a nou prale aprann kòman pou nou linonm sa yo epi ekri yo tou

Pati de sa timoun yo dwe konnen oswa ta dwe konnen epi ki ka ede yo

Si w alèz soti 0 rive 99. Leson jodi a ap senp pase se menm prensip la. Yon ti rapèl. Nan kaye w ou ka fè yon ti tablo Sou yon liy kouche ekri ak bon distans nan mitan yo, chif 0 rive 9,

0	1	2	3	4	5	6	7	8	9
---	---	---	---	---	---	---	---	---	---

Epi pati soti 0 nan liy kouche a pou ou rive nan 9 tou sou liy kanpe a.

0	1	2	3	4	5	6	7	8	9
1									
2									
3									
4									
5									
6									
7									
8									
9									

Ou soti bati fondasyon pou ou konte san ou pa sote soti 0 rive 99

Kounye a premye etap la se rekopye 1, 2, 3 rive 9 nan sans kanpe anba chak premye chif sa yo sou modèl la. Pa ko manyen kolonn anba zero a

0	1	2	3	4	5	6	7	8	9
1	1								
2	1								
3	1								
4	1								
5	1								
6	1								
7	1								
8	1								
9	1								

Lè w fini tablo a ap sanble a sa

0	1	2	3	4	5	6	7	8	9
1	1	2	3	4	5	6	7	8	9
2	1	2	3	4	5	6	7	8	9
3	1	2	3	4	5	6	7	8	9
4	1	2	3	4	5	6	7	8	9
5	1	2	3	4	5	6	7	8	9
6	1	2	3	4	5	6	7	8	9
7	1	2	3	4	5	6	7	8	9
8	1	2	3	4	5	6	7	8	9
9	1	2	3	4	5	6	7	8	9

2^{ème} etap la, se mete 0 deyè chif ki nan kolòn zero a

0	1	2	3	4	5	6	7	8	9
10	1	2	3	4	5	6	7	8	9
20	1	2	3	4	5	6	7	8	9
30	1	2	3	4	5	6	7	8	9
40	1	2	3	4	5	6	7	8	9
50	1	2	3	4	5	6	7	8	9
60	1	2	3	4	5	6	7	8	9
70	1	2	3	4	5	6	7	8	9
80	1	2	3	4	5	6	7	8	9
90	1	2	3	4	5	6	7	8	9

3^{em} etap la se ajoute chif dizèn nan devan chak li. Kidonk chif pou liy ki kòmanse pa 10 la w ap mete 1 devan tout lòt chif yo, pou sa ki kòmanse ak 20 an se 2 w ap mete.

0	1	2	3	4	5	6	7	8	9
10	11	12	13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26	27	28	29
30	1	2	3	4	5	6	7	8	9
40	1	2	3	4	5	6	7	8	9
50	1	2	3	4	5	6	7	8	9
60	1	2	3	4	5	6	7	8	9
70	1	2	3	4	5	6	7	8	9
80	1	2	3	4	5	6	7	8	9
90	1	2	3	4	5	6	7	8	9


Fè sa rive jouk nèf pou ou ka konte 0 rive 99

0	1	2	3	4	5	6	7	8	9
10	11	12	13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26	27	28	29
30	31	32	33	34	35	36	37	38	39
40	41	42	43	44	45	46	47	48	49
50	51	52	53	54	55	56	57	58	59
60	61	62	63	64	65	66	67	68	69
70	71	72	73	74	75	76	77	78	79
80	81	82	83	84	85	86	87	88	89
90	91	92	93	94	95	96	97	98	99

Tablo sa a ap sèvi baz pou konte soti 100 rive 999 san tèt chaje

Leson an

Kounye a an nou konprann kisa ki sa ki santèn nan. 100 se kantite ki vini apre 99. 100 se lèw ka gen 10 lo oswa 10 pake 10.



➔ 100 se lè ou konte 10 fwa 10

Yo di lè konsa gen 10 dizèn.

10 dizèn = 100


Kounye a sa klè nou ka eseye rekonèt nonm 100 rive 999



GADE BYEN

chif santèn 2 8 6 chif inite
 └─┬─┬─┘
 chif dizèn

Tout nonm soti 100 rive 999 mande pou ekri yo ak 3 chif. Premye chif la endike konbyen fwa ou gen 100. Si se 200 sa vle di ou gen 2 gwo pake ki gen 100. Se li ki an wòt la.



2^{èm} nan endike dizèn. Sa vle di an plis san an konbyen lo 10 ou ka fè ki pa ka rive 100. L i koulè ble.



Anfen 3è nan endike inite a oswa bagay ki kanpe grenn senk ki pa rive 10. Li an mov.
Kifè tout nonm soti 100 rive 999 ka dekonpoze nan yon tablo SDI. An nou eseye ak 286.

Santèn= S	Dizèn= D	Inite= I
2	8	6

Kounye a an nou pati ak 728

Santèn= S	Dizèn= D	Inite= I
7	2	8

Fòw Konnen ekri nonm yo lè w tande yo

Ou ka ekri yo 3 jan:

Ak chif yo

San katre ven katòz



Santèn= S	Inite= I	Dizèn= D
1	9	4

Ak lèt yo

Nan egzanp si nou pran 186 epi nou vle ekri li an lèt n ap ekri san (100) , epi katreven dizèn (80) epi sis (6) inite

Santèn= S	Inite= I	Dizèn= D
1	8	6
1	9	4

$$194 = 100 + \underbrace{20 + 20 + 20 + 20}_{80} + 14$$

Lè w gade desen sa a ou wè 100 anvan, epi ou wè 4 X 20 ki bay katreven epi ou wè yon 14
Sa bay 100 + 80+ 14 kidonk ou ka poze li konsa tou

Epi sou fòm adisyon

$ \begin{array}{r} 100 + 20 + 20 + 20 \\ + 20 + 10 + 4 = \\ 194 \end{array} $	→	$ \begin{array}{r} 100 + 20 + 20 + 20 \\ + 20 + 14 = 194 \end{array} $
---	---	---

Pou yon nonm kon 194 gendelè sèvi byen ak jan ou tande epi jan ou dekonpoze.

$$100 + 20 + 20 + 20 + 20 + 14 = 194$$

Konsolidasyon

Eseye ekri nonm sa yo nan tablo SDI a

738

585

300

175

216

Men repons yo

Santèn= S	Inite= I	Dizèn= D
7	3	8

Santèn= S	Inite= I	Dizèn= D
5	8	5

Santèn= S	Inite= I	Dizèn= D
3	0	0

Santèn= S	Inite= I	Dizèn= D
1	7	5

Santèn= S	Inite= I	Dizèn= D
2	1	6